**दिन– शुक्रवार** **दिनांक–20.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पटनाक ज्ञान भवन मे आयोजित बिहार बिजनेस कनेक्ट ग्लोबल इन्वेस्टर्स् समिट मे कतेको सेक्टरक पैघ–पैघ कंपनीक संग एक लाख अस्सी हजार करोड़ टाकाक निवेश पर सहमति बनल अछि। एहि मे अडानी ग्रुप दिस सँ राज्य मे बीस हजार करोड़ टाकाक लागति सँ थर्मल प्लांट स्थापित कयल जयबाक घोषणा कयल गेल अछि। अडानी इंटरप्राईजेजक प्रबंध निदेश प्रणव अडाणी जनौलनि जे अडाणी समूह राज्य मे आनो–आनो परियोजना पर कतेको हजार टाकाक निवेश पर काज कऽ रहल अछि, जाहि सँ युवा सभ के रोजगार भेटत। ओतहि, सन पेट्रोकेमिकल्सक एम.डी दिलीप सांघवी राज्य मे छत्तीस हजार सात सय करोड़ टाकाक निवेश करबाक लेल जनौलनि अछि। ई निवेश सँ अक्षय ऊर्जा आओर ग्रीन इन्फ्रास्ट्रक्चर मे तीस हजार सँ बेसी लोक सभ के रोजगार भेटत।

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार. अस्वस्थ्य भेलाक कारण समिट मे शामिल नहि भेलाह। हुनक संदेश लऽकऽ आयल ऊर्जा मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव जनौलनि जे बिहार मे उद्योग लेल बनल निक माहौलक पूरा लाभ राज्यक लोकसभ के भेटत। ओतहि, उद्योग मंत्री नितीश मिश्रा समिट के सम्बोधित करैत जनौलनि जे बिहार निगेटिव ग्रोथ रेट सँ अपन यात्रा शुरू कयने छल आओर आइ आगु बढ़ैत भारतक प्रमुख विकास इंजनक रूप मे अपन पहिचान बना लेने अछि।

---

एम्हर, उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आरोप लगौलनि अछि जे लालू परिवारक शासनकाल मे भ्रष्टाचार आओर अराजकताक कारण उद्योग धंधाक विकास नहि भऽ सकल। ओ जनौलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक शासनकाल मे डबल इंजन सरकार राज्य मे औद्योगिक विकास लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री सिन्हा जनौलनि जे आइ पैघ–पैघ कंपनीक संग बिहार मे एक लाख अस्सी हजार करोड़ टाकाक निवेश सरकारक कल्याणकारी काज पर मोहर लगाओल गेल अछि।

———————————————————————

एक राष्ट्र– एक चुनाव सँ जुड़ल दू विधेयक के संसदक संयुक्त समिति के पठा देल गेल अछि। समिति मे लोकसभाक सत्ताईस सदस्य आओर राज्यसभाक बारह सदस्य छथि। आइ लोकसभाक कार्यवाही शुरू होयतहि विधि आ न्याय मंत्री अर्जूनराम मेघवाल एक सय उनतीसम संशोधन विधेयक दू हजार चौबीस आओर केन्द्र शासित प्रदेश कानून संशोधन विधेयक दू हजार चौबीस के संसदक संयुक्त समिति के पठेबाक प्रस्ताव पेश कयलनि। ई समिति संसदक अगिला सत्र धरि अपन रिपोर्ट सदन के सौंपत। एम्हर, संसदक दुनू सदनक कार्यवाही हल्ला–गूल्लाक कारण अनिश्चितकाल लेल स्थगित कऽ देल गेल।

———————————————————————

एक राष्ट्र एक चुनाव लेल बनाओल गेल संयुक्त संसदीय समिति जे.पी.सी सदस्यक रूप मे बिहार सँ भाजपा सांसद डॉक्टर संजय जायसवाल आओर लोजपा रामविलासक सांसद शांभवी चौधरी के नामित कयल गेल अछि। जे.पी.सी. सदस्य बनाओल गेला पर ई दुनू प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आभार जतौलनि अछि। ओ जनौलनि जे चुनावी प्रणाली के बेसी पारदर्शी, प्रभावी आओर समावेशी बनावय मे ओ पूरा मददि करताह।

———————————————————————

केन्द्रीय स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण राज्य मंत्री प्रताप राव जाधव जनौलनि अछि जे भारतक यू.पी.आई. भोगतान प्रणाली डिजिटल भोगतान मे एक वैश्विक क्रांति बनि गेल अछि। श्री जाधव आइ नव दिल्ली मे जन–धन आओर आधारक विषय मे मीडिया सँ गपशप मे जनौलनि जे पछिला मास एकैस लाख करोड़ टाका सँ बेसी यू.पी.आई लेनदेन कयल गेल।

———————————————————————

पटनाक दानापुरक चांदमारी मैदान मे आइ सँ अग्निवीर भर्ती रैली शुरू भेल अछि। भर्ती निदेशक कर्नल करण मेहता जनौलनि अछि जे छब्बीस दिसम्बर धरि आयोजित रैली मे राज्यक सात जिला–पटना, बक्सर, भोजपुर, सीवान, सारण, गोपालगंज आओर वैशाली

जिलाक अभ्यर्थी सभ भाग लेताह। ओतहि, सत्ताईस दिसम्बर कऽ बिहार आओर झारखंडक महिला उम्मीदवार सभ भाग लेताह।

———————————————————————

प्रदेशक मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मैथिली साहित्यकार महेन्द्र मलंगिया के वर्ष दू हजार चौबीसक साहित्य आकादमी पुरस्कार भेटला पर प्रसन्नता जतबैत शुभकामना देलनि अछि। ओ मधुबनी जिलाक रहिका प्रखंडक मलंगिया गामक छथि। हुनक मैथिली निबंध श्रेणी "प्रबंध संग्रह" लेल साहित्य आकादेमी पुरस्कार भेटल अछि।

———————————————————————

पूरबा हवाक असरि कम भेला सँ काल्हि सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे ठंढ़ा बढ़ि सकैत अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला दू दिनक बीच न्यूनतम तापमान तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि कम भऽ सकैत अछि। एहि बिच सुपौल, पूर्णियां, कटिहार, सहरसा, किशनगंज आओर भागलपुर जिला मे बेसी ठाम घनगर कुहेस छाओल रहि सकैत अछि। ओतहि, राज्यक आनो–आन जिला मे हल्लुक सँ मध्यम स्तरक कुहेस छाओल रहत। एम्हर आइ रोहतासक डेहरी आओर समस्तीपुरक पूसा राज्यक सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल, जतऽ न्यूनतम तापमान सात दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस रहल।

———————————————————————

रोहतास जिलाक डेहरी थानाक पाली रोड पर पुलिस एक वाहन सँ छप्पन किलो गांजाक संग पाँच तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। एम्हर, पश्चिम चंपारण जिलाक मझौलिया थाना पुलिस एक किलो सँ बेसी मादक पदार्थक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलनि अछि।

———————————————————————

अररिया थानाक पुलिस छापामारि कऽ एक सय ग्राम स्मैक, दू मोबाइल आओर एक मोटर साइकिलक संग दू मादक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

समाप्त